



Pou Piblikasyon Imedya: 09/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KI DEZIYEN ZÒN KONSÈVASYON
ZWAWA BÒ KOT MONTAUK POINT**

***Lejislasyon S.2273/A.5550 deziyen zòn maren ak kotyè bò kot Montauk Point kòm
zòn konsèvasyon zwazo***

[Gade foto evènman an](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a, ansanm ak ofisyèl eli yo ak moun ki gen enterè nan kominote a nan Montauk, te siyen lejislasyon ki pral mande Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) pou deziyen zòn maren ak kotyè bò rivaj Montauk Point kòm Zòn Konsèvasyon Zwazo.

"New York se yon lidè nasyonal nan sa ki gen pou wè ak pwoteje anviwònman nou an ak ekosistèm ki konte sou li yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Se poutèt sa m ap siyen lejislasyon sa a pou deziyen zòn wo fon Montauk Point kòm Zòn Konsèvasyon Zwazo."

Lejislasyon S.2273/A.5550 deziyen zòn wo fon Montauk Point kòm Zòn Konsèvasyon Zwazo. Zòn sa a gen ladan dlo ki gen swasant pye oswa mwens nan pwofondè, ak nan senk edmi ak sis km apati rivaj la.

Pwogram Zòn Konsèvasyon Zwazo (Bird Conservation Area, BCA) Eta New York la te etabli an 1997 pou pwoteje ak amelyore popilasyon zwazo yo ak abita yo sou tè ak dlo eta a yo. Lejislati a te bay Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal, Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik, ak Depatman Deta otorite pou yo deziyen BCA yo jan yo jije ki apwopriye. Objektif Pwogram BCA a entegre enterè konsèvasyon zwazo nan planifikasyon ajans, jesyon ak pwojè rechèch, nan kontèks misyon ajans yo, tout pandan y ap travay ak moun ki enterese yo. Jiska prezan, yo te deziyen 59 BCA avèk siksè atravè pwosesis ki egziste deja.

Senatè Eta a, Anthony Palumbo te deklare, "Antanke esponsò pwojè lwa sa a nan Sena a, mwen te santi li enpòtan non sèlman pou m rekonèt ankò Montauk Point kòm yon kote istorik ak yon senbòl tradisyon lapèch ak maritim rejyon an, men tou pou m rekonèt ak pwoteje wo fon li yo ki se yon abita enpòtan pou plizyè dizèn de milye zwazo akwatik ak zwazo lanmè pelajik. Mwen remèsye ak bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul pou angajman li anvè anviwònman an epi paske li siyen lwa enpòtan pou

konsèvasyon ak pwoteksyon bèt sovaj sa a. Mwen remèsye tou Manm Asanble Fred Thiele pou travay li nan pwodi lwa a atravè Asanble Eta a. Mezi bilateral sa a se yon kontinyasyon efò nou pou pwoteje bèt sovaj ki an danje, ranfòse ekosistèm nou an, ak amelyore dlo kotyè nou yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Manm Asanble Fred Thiele te deklare, "Wo fon Montauk Point yo se yon abita enpòtan pou plizyè dizèn milye zwazo akwatik ak zwazo lanmè. Zòn sa a regilyèman sipòte omwen de mil zwazo. Gen kèk nan espès sa yo ki an danje epi yo nan risk. Wo fon Montauk Point yo menase pa polisyon difiz ak lòt kontaminan yo. Ansanm ak efò k ap kontinye pou prezève espas ouvè ak amelyore kalite dlo a, deziyasyon zòn sa a kòm Zòn Konsèvasyon Zwazo Wo Fon Montauk Point yo pral ede asire ke abita enpòtan sa a pwoteje. Mèsi ak Gouvènè Hochul paske li siyen lwa sa a ki pral prezève yon pati enpòtan nan karaktè kominote East End la."

Soti nan Montauk rive nan Buffalo, New York se lakay yon vas seri abita etonan ki sipòte plis pase 450 espès zwazo diferan. Obsèvasyon zwazo se youn nan aktivite lwazi deyò ki pi rapid k ap grandi ke tout kategori laj ak eksperyans ka jwi, epi li se yon bon fason pou [Dekonekte ak Entènèt, Ale Deyò](#). [Santye Obsèvasyon zwazo Eta New York la](#) bay aksè ak zwazo eksepsyonèl ak yon bon kalite eksperyans nan lanati ki dirab. Santye a enspire nouvo moun k ap gade zwazo ak tout Nouyòkè ak vizitè—kèlkeswa laj, kapasite, idantite, oswa orijin—pou yo kòmanse nan obsèvasyon zwazo nan mete aksan sou opòtinite divès ak inik yo jwenn nan Eta New York. Santye a se pa yon santye ki konekte fizikman oswa ki konstwi, men se yon rezon obsèvasyon zwazo ki pwomèt ki aksesib nan machin oswa transpò piblik epi ki bay yon eksperyans enklizif pou tout moun, ki gen ladan yon kote eksepsyonèl nan [Pak Eta Montauk Point](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)